



## Aktivite sou video « *Rezistans Pèp Souvren kont gwojemoni Lagrandyab* »

Se Djeride Jean-Baptiste ki elabore késyon sa yo :

- 1- Nan tan lakoloni, se ak fòs ponyèt « *Lagrandyab* » (Wa Lafrans, konpayi komèsyal kolonyal yo, gouvènè kolonyal yo, gran don yo e latrìye) blan yo te konn vòlè tout sa « *malere* » genyen — malere nan tout klas sosyal (kaptif, afranchi, blan mannan...). Malgré Lagrandyab te goumen ak tout fòs li pou l kenbe zansèt nou yo an ba kontwòl kolonyal li, nou te rive pran endepandans nou an 1804 epi nou te fonde pwòp peyi nou. Men, istwa montre nou ki jan, nan chak peryòd apre 1804 rive jounen jodi a, Lagrandyab itilize divès estrateji neyo kolonyal pou l eseye peze kou nou. Èske w ka idantifye kèk egzanp nan estrateji neyo kolonyal sa yo ?
- 2- Fouye je w gade video « *Rezistans Pèp Souvren kont gwojemoni Lagrandyab* ». Pandan w ap konsidere analiz Pwòf Ti Jan Bosal (Jean Casimir) yo sou fason Lagrandyab kontinye ap fè dappiyant sou peyi nou, ki plan w panse aktivis yo ka elabore k ap mache ak aktivite Pèp Souvren an ap fè nan 21yèm syèk la pou montre li gran moun tèt li nan lakou li ? Tanpri, elabore yon plan aksyon sou baz yon antant ant, sou yon bò, sa aktivis yo vle fè epi, sou lòt bò, sa Pèp Souvren an déjà ap fè, depi 1804, pou kore souvrènte l. Nan refleksyon pa w, èske w panse plan sa a ka entegre analiz Pwòf Ti Jan Bosal yo konsènan Revolisyon 1791 lan ansanm ak òganizasyon lakou a soti nan 19yèm syèk rive joune jodi a ?
- 3- Nan kòmansman video « *Rezistans Pèp Souvren kont gwojemoni Lagrandyab* », Pwòf Michel DeGraff pale de « *defòmasyon* » nou jwenn nan sèten lide sou lang kreyòl yo. Pwòf Casimir te pale de « *dèfomasyon* » tou nan twokèt *Kolonyal oswa dekolonyal ?* — « *defòmasyon [ki] soti nan jan nou konprann pouwwa politik la* ». Lè w fin tandé brase lide ant Pwòf Casimir ak Pwòf DeGraff nan video a, tanpri fè yon rechèch pou w rive idantifye kèk nan « *defòmasyon* » sa yo konsènan lang kreyòl Ayiti a — « *defòmasyon* » k ap sèvi enterè Lagrandyab ak enterè moun an wo sou tèt moun an ba nan peyi nou. Analyse ki jan « *defòmasyon* » sa yo konsènan istorik, chapant ak fonksyonnan lang kreyòl la » ka gen menm orijin ak « *defòmasyon* sa yo [ki] soti nan jan nou konprann pouwwa politik la ».